



Pou Piblikasyon Imedya: 05/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE ENFÒMASYON AKTYALIZE SOU EFÒ RETABLISMAN
APRE TANPÈT NAN HUDSON VALLEY**

***Plizyè Milye Travayè Sèvis Piblik, Sa Enkli 1,300 Ki Soti nan Lòt Eta, Ap Travay
San Pran Souf Pou Retabli Elektrisite***

***Plis Pase 89 pousan nan 121,500 Moun New York ki San Kouran Ap Viv Nan
Konte Dutchess, Putnam, Sullivan ak Westchester***

***Eta Ijans Rete an Plas nan Konte Dutchess, Putnam, Sullivan ak Westchester
Alòske Yon Dezyèm Tanpèt Nèj Ap Apwoche New York***

***Dezyèm Deplwaman Gad Nasyonal New York (New York National Guard)
Ap Kòmanse Operasyon Retablisman Lendi Apremidi***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te aktyalize moun New York jodi a konsènan stati operasyon reparasyon apre tanpèt la nan Hudson Valley pandan yo anonse yon dezyèm tanpèt nèj ki pral frape New York pita nan semèn sa a. Tanpèt semèn pase a te koze domaj konsiderab kont infrastrukti sèvis piblik, sa enkli plizyè santèn poto elektrik ki kraze ak dega nan zòn ki lwen, ki difisil pou rive. Sa te rann finisman efò reparasyon yo difisil anpil, espesyalman an fas yon dezyèm tanpèt, men pàn kouran kontinye diminye regilyèman.

Aktyèlman, plis pase 121,500 kliyan rete san elektrisite, 89 pousan nan yo lokalize yo nan Konte Dutchess, Putnam, Sullivan ak Westchester. Sèvis piblik New York gen yon total 4,910 travayè entèn ak kontraktè nan New York oubyen an wout. Sa enkli 1,300 travayè liy ak pye bwa ki soti nan lòt eta tankou peyi Kanada, eta Connecticut, Maine, Michigan, Texas, Ohio, Missouri, North Carolina, Louisiana, Vermont, Iowa ak Wisconsin ki pral dedye a efò reparasyon nan zòn ki frape pi di yo nan Hudson Valley.

“Ivè a poko fini, epi anpil moun ap souffri apre dènye gwo tanpèt semèn pase a ki te retire elektrisite kay plizyè santèn milye moun New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan n ap kontinye deplwaye travayè ak resous, n ap remèsye moun ki soti nan lòt eta ak nasyon pou asistans yo pandan tan sa a. Nou pap kanpe jiskaske travay la fini epi mwen mande tout moun pou yo asire yo gen pwòp pwovizyon yo prè anvan premye nèj la tonbe, nan ka ta vini gen plis pàn kouran.”

Yo anonse yon gwo tanpèt nòdès pou pati oryantal nan eta a pou Mèkredi ak Jedi. Sèvis Meteyolojik Nasyonan (National Weather Service) te pibliye yon Alèt Tanpèt Nèj pou Rejyon Mid-Hudson Valley pou Mèkredi maten jiska Jedi maten. Tanpèt sa a pral pote yon lòt 6 a 12 pous adisyonèl nèj mouye ki lou nan rejyon an ak kantite ki pi wo ant 12 a 18 pous nan Catskills oryantal yo. Van pwolonje ki soti nan zòn oryantal/nòdès nan 24 kilomèt pa èdtan - 40 kilomèt pa èdtan ak rafal ki ale nan 64 kilomèt pa èdtan rete posib epi konbine ak nèj k ap akimile, sa pral koze pàn kouran adisyonèl akoz branch bwa ki tonbe sou liy elektrik. Vwayaj ap difisil, espesyalman pandan vwayaj nan Mèkredi swa, akoz viziblité ki ba ak wout ki glise.

Anplis plizyè milye travayè liy ak pye bwa ki ap travay pou retabli kouran, Otorite Elektrisite nan Eta New York (New York State Power Authority, NYPA) deplwaye ekip transmisyon li bay Central Hudson pou ede repare sistèm sou-transmisyon 69 KV epi 45 travayè liy ak 15 kamyon nasèl ki soti nan men kliyan sèvis piblik minisipal yo ap ede rejyon Central Hudson ak NYSEG. NYPA te aktive yon kontra ak Michels, kontraktè sèvis piblik li a, pou li voye jiska 200 travayè liy ki soti nan Wisconsin ak Iowa pou ede nan efò reparasyon.

NYPA te mande tou sipò nan men ElectriCities of North Carolina atravè pwosesis asistans resipròk Asosyasyon Enèji Piblik Ameriken (American Public Power Association). Sa enkli 18 travayè sèvis piblik ak 5 kamyon sèvis piblik ki soti nan ElectriCities pou ede Con Edison nan Konte Westchester. ElectriCities te otorize voye resous adisyonèl, jiska 50 travayè ak 15 kamyon sèvis piblik, si nesèsè. NYPA te resevwa resous nan men Niagara Peninsula, yon itilite minisipal nan Ontario, Kanada pou 10 travayè sèvis piblik ak 7 kamyon pou ede Central Hudson.

W'ap wè anba la yon lis entèripsyon kouran yo pa konte:

Entèripsyon yo

Allegany	483
Bronx	1,027
Cattaraugus	543
Columbia	1,232
Delaware	1,028
Dutchess	13,846
Livingston	200
Nassau	1,180
Orange	1,175
Putnam	18,583
Queens	636
Rensselaer	236
Rockland	498
Steuben	1,150

Sullivan	15,378
Ulster	2,892
Westchester	60,896
Yates	110

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, yo te deklare eta ijans nan konte Dutchess, Putnam, Sullivan ak Westchester epi anplwaye eta a te sou tèren an pou plizyè jou ap kowòdone ak, epi ofri sipò pou retablisman ak resous bay gouvènman lokal. Pou kontinye pwogrè a, Gouvènè Cuomo te deplwaye fonksyonè siperyè administrasyon ak 200 manm Gad Nasyonal New York (New York National Guard) ki soti nan Camp Smith nan Konte Westchester pou ofri kèlkeswa ak tout asistans nesèsè dapre lokalite yo. Fonksyonè siperyè administrasyon an rete sou teren an nan chak kat konte yo pan y ap ede dirije efò reparasyon yo, pandan manm Gad Nasyonal (National Guard) yo disponib pou asiste kominote yo ak efò reparasyon soti nan netwaye debri ale nan kontwòl sikilasyon.

Adisyonèlman, yo te voye ekip ki soti nan Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation) pou asiste lokalite yo. Nan Rejyon Southern Tier ak Hudson Valley, Depatman an te deplwaye plis pase 1,000 operatè ak sipèvizè, 388 kamyon a bèn, 23 bwayè, twa kamyon nasèl pou ekip k ap travay nan pye bwa yo, 12 kamyon siyalizasyon, 91 chajè, kat ekip pou siyalizasyon sikilasyon ak uit mekanisyen siyalizasyon. Yo te deplwaye tou manm Polis Eta New York (New York State Police) la pou asiste nan kontwòl sikilasyon nan entèseksyon nan Konte Westchester ki rete san elektrisite epi Sant Operasyon Ijans nan Eta New York la (New York State Emergency Operations Center) rete louvri pou kontinye sipòte patnè lokal ak patnè eta yo.

Prepare pou Pàn Kouran

Gouvènè Cuomo ap ankouraje rezidan yo pou yo rete lwen nenpòt kab ki kase paske yo ka toujou gen kouran ladan epi yo dwe konsidere yo kòm ekstrèmman danjre:

Yo raple chofo yo Lalwa Eta a ekzije si yon enteseksyon “elimine” epi siyalizasyon sikilasyon pa operasyonel, otomatikman enteseksyon vini yon are kat sans. Nan sitiyasyon kote wout vini femen oubyen bloke akòz inondasyon, liy elektrik ki tonbe oubyen debri, yo konseye chofo yo pou yo fe atansyon epi obeyi tout siyalizasyon sikilasyon oubyen barikad ki anplas, san konsidere si yon wout paret disponib.

Moun New York ta dwe voye je sou zanmi, fanmi ak vwazen, espesyalman ti granmoun. Pàn kouran ka afekte kapasite yon moun pou li chofo kay li, sa ki ka mennen a tanperati ki danjrezman frèt pandan mwa ivè yo.

Gouvènè a ap ofri konsèy sekirite adisyonèl sa yo:

Si Ou Nan Blakawout

- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite [Depatman Sèvis Piblik Eta New York la \(New York State Department of Public Service\)](#). Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.

Aprè yon Pan Kouran

- Voye jete kelkeswa manje ki te ekspozè a tanperati 40° F (4°C) pou de ze edtan oubyen plis, or oubyen ki gen yon sant, koule, aparans etranj “Lè nou pa si, jete manje a!”
- Si manje ki nan frizè yo pi frèt pase 40° F epi yo gen kristal glas sou yo, ou kapab retounen konjele yo ankò.
- Si ou enkyè akoz medikaman yo ki ka gate, kontakte doktè w la.
- Reyapwovizyon twousou ijans ou ak pil nèf, manje ki nan kanèt ak lòt pwovizyon yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)